Государственное бюджетное общеобразовательное учреждение
«Средняя общеобразовательная школа №7 с.п. Пседах»

« РАССМОТРЕНО»
на заседании
методического объединения

Чентиева Р.У.

Протокол №1
от «25» августа 2023г.

«СОГЛАСОВАНО»
Зам.директора по УВР

Цечоева Ж.С

Протокол №1
от «31» августа 2023г.

«УТВЕРЖДЕНО»
Директор ГБОУ «СОШ№7 с.п.Пседах»

Коттоева А.Б.

Приказ №1
от «01» сентября 2023г.

# *Рабочая программа по предмету*

# *«Чеченский язык 9 класс»*

## *Всего: 34 часа*

## *(1ч. в неделю)*

*на 2023-2024 учебный год.*

*Составитель: Учитель чеченского языка и литературы*

*Энгиноева К.Н,*

# Кхеторан кехат

## Документан бух

9-г1а классан нохчийн маттана лерина долу х1ара документ кхоьллина юкъарадешаран а, коьрта юкъара дешаран а пачхьалкхан программин буха т1ехь. Программо предметан чулацам схьа а боьллу, бовза а бовзуьйту, билгалбоккху. Белхан программо, нохчийн мотт 1аморан 1алашонца цхьаьна а дог1уш, дешархой кхиоран, кхеторан, 1аморан а юкъара некъаш довзуьйту.

## Документан д1ах1оттам

Нохчийн меттан белхан программа дийна цхьа документ ду, цу юкъадог1у:
– кхеторан кехат;
– дешаран-тематикин план;
– дешархойн хаарийн т1ег1а;
– дешаран методикин болх кхочушбан оьшу г1ирсаш билгалбахар.

## Дешаран предметан юкъара характеристика

Нохчийн мотт – иза нохчийн къоман а, Нохчийн республикин пачхьалкхан а мотт а, къоман историн, культурин бух а бу. Мотт адамийн дахарехь уггаре мехала гIирс бу. Цуьнца доьзна ду къоман кхиар а.

Юккъерчу юкъарадешаран хьукматехь ша-тайпа меттиг дIалоцу нохчийн матто. Иза вовшашца юкъаметтигаш дIакхехьарехь, гонахара дахар довзарехь, кхетош-кхиорехь мехала гIирс бу. Дешаран декхар кхочушдарехь ненан матто ден г1уллакх ч1ог1а мехала ду. Ненан маттахь ечу ойлано 1амочух кхета г1о до берашна. Ненан мотт хааро дешархошна г1о до гонахарчу дуьнене болу кхетам а, цунах лаьцна долу хаарш а шордан а, боккхачу кхиамца оьрсийн а, кхи долу метттанаш а, дешаран предметаш а 1аморехь ненан маттехь г1ортор каро а. Цу шина матто дешар 1аморехь, кхетамца кхиарехь бокхха аьтто бо.

Хьехархо декхарийлахь ву нохчийн меттан хазалла, цуьнан марзо дешархошна йовзийта а, берашкахь ненан матте безам кхио а. Цуьнца цхьаьна хьехархочо кхочушдан деза патриотизман, халкъийн доттаг1аллин ойланехь дешархой кхетош-кхиор. Ишколехь ненан мотт хьехар меттан 1илманан буха т1ехь д1ахьош хила деза.

Дешаран хьукматехь мотт хьехаран методех кхетаме пайдаэцар на хилча цатоаруш ду.

Меттан цхьанатайпанарчу а, цхьанатайпанар доцчу а, терачу а, вовшех дозуш долчу а бакъдолчаьрца дустар далоран кепаш мотт хьехаран балха т1ехь пайде а, дика сурт х1оттош а, берашна к1орггера хаарш луш а, мехала а ю. Ч1огIа мехала